

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL II

Jedi 15 jen 2023 — 9:15 a.m. jiiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de (2) dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

...Osei Kwadwo te kwè aklè ke Asante [Ashanti] pa t ka kenbe pozisyon li an gras a fòs zam sèlman. Pandan rèy 13 ane li an (1764–77), li te fè otorite a pase nan anpil domèn de men lidè militè yo a ofisyèl sivil yo. Asante a te konsakre anpil swen a fòmasyon administratè sa yo. Gen anpil ofisyèl ki te antre nan depatman gouvènman an antan yo te timoun epi ki te pase anpil ane nan djòb ti demele [nivo ba] kote yo te absòbe woutin ak atitud sèvis pubblik. Menm si pifò nan jèn sa yo se te pitit gason ofisyèl yo, Osei Kwadwo te veye pou yo te kreye opòtinite pou moun deyò ki te gen talan yo. Apranti ki te montre kapasite yo te resevwa pwomosyon, epi sa ki te pi kapab yo te fini pa rive nan pòs empòtan. Gras a akonpayman moun sa yo, Asante te antre nan 19yèm syèk la kòm sosyete ki te pi sofistike a nan tout Afrik....

Sous: Philip Koslow, *Asante: The Gold Coast*, Chelsea House Publishers, 1996

1 Pasaj sa a t ap pi byen sèvi pou

- (1) eksplike kijan wa Asante a te refòme gouvènman li an
 - (2) rakonte estrateji ofisyè yo ki te nan fòs ame Asante a te itilize
 - (3) diskite sou yon varyete eksperyans timoun nan wayòm Asante a
 - (4) jistifye politik ekonomik ki te aplike yo sou lidèchip Asante a
-

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 2 ak 3.



Sous: Paris, 1789 (adapte)

- | | |
|---|---|
| 2 Ki sitiyasyon yo reprezante nan desen komik sa a? | 3 Ki evènman ki te rezilta dirèk sitiyasyon yo montre nan desen komik sa a? |
| (1) kòmansman yon sistèm lòd kote majorite a gen pouwwa | (1) Revolisyon Ris |
| (2) kreyasyon yon sosyete san klas | (2) Revolisyon Agrikòl |
| (3) revolisyon ki gen nan tèt li noblès ak klèje | (3) Revolisyon Fransèz |
| (4) egzistans yon estrikti klas sosyal rijid | (4) Revolisyon Kiltirèl |
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 ak 5.

...Pou ki bagay moun yo t ap itilize tout enèji anplis la? Pou plis chofaj ak manje, se sèten, ak plis vwayaj nan bato ak tren a vapè; men sitou, moun yo t ap fabrike plis bagay: plis tekstil, plis aparèy, plis manje ak byè, plis papye. Modèl la te klè: plis ou te pwodui, plis ou te bezwen enèji. Epi vise vèsa [nan sans envès], plis enèji ou te itilize, plis bagay ou te pwodui — epi plis oumenm oswa, sa gen plis chans, patwon w lan oswa eta a, te vin pi rich.

Nou ta ka tou renonmen [rebatize] Revolisyon Endistriyèl ann ekspansyon an revolisyon enèji an, poutèt ekonomi endistriyèl yo nan dizneyèm syèk la te senpleman pa t ap ka devlope san emèjans paralèl ekonomi enèji yo pou kenbe yo. Epi amezi endistriyalizasyon an t ap simaye, peyi pa peyi, rejyon pa rejyon, demann enèji an te ogmante tou....

Sous: Paul Roberts, *The End of Oil*, Houghton Mifflin Company, 2004

- | | | | |
|---|--|---|--|
| 4 Ki konsèp ekonomik ki pi byen eksplike relasyon ki genyen ant enèji ak pwodiksyon endistriyèl ke yo diskite nan pasaj sa a? | (1) òf ak demann
(2) balans komèsal favorab
(3) kolektivizasyon
(4) dizèt | 5 Ki deklarasyon ki pi byen reprezante pozisyon otè sa a? | (1) Polisyon ki soti nan sous enèji yo te frennen devlopman chemennfè yo.
(2) Nouvo teknolοji enèjetik yo te redui pwodiksyon endistriyèl la.
(3) Depandans sou sous enèji tradisyonèl yo te fè endistriyalizasyon an vin pi efikas.
(4) Endistriyalizasyon an te depann de ogmantasyon pwodiksyon enèji a. |
|---|--|---|--|
-

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 ak 7.

...Enfliyans *laissez faire* la sou tretman Ilann pandan famin nan enposib pou egzajere. Prèske san eksepsyon ofisyèl ak politisyen wo plase ki te responsab Ilann yo se te kwayan fèvan [fò] nan non-enjerans Gouvènman an, epi konpòtman otorite britanik yo vin eksplikab [konpreyansib] sèlman lè nou kenbe nan tèt nou kwayans fanatic yo nan antrepriz prive ak jan yo te sispek tout mezi yo ta ka konsidere kòm entèvansyon Gouvènman....

Sous: Cecil Woodham-Smith, *The Great Hunger*, Harper & Row Publishers, 1962

...Lwen pou li kite mache a fonksyone, Angletè te lanse yon pwogram entèvansyon gouvènman masif, ki te gen ladan prensipalman konstriksyon azil pou pòv, ki te fini pou pipò apèn anvan kòmansman Famin nan....

Azil pou pòv yo, yon premye vèsyon pwogram kreyasyon anplwa New Deal la, te fè pwoblèm pòvte a vin pi mal toujou. Yon sistèm travo piblik konsiderab te egzije taksasyon lou sou ekonomi lokal la. Ofisyèl anglè yo te detounen lajan de pwojè ki t ap ogmante pwodiktivite ak rannman agrikòl la pou mete li nan konstriksyon wout initil....

Anplis echèk fondamantal pwogram gouvènman yo, azil pou pòv yo, travo piblik yo, ak soup popilè yo te gen tandans konsantre moun yo nan pi gwo gwoup ak nan espas pi restren. Sa te pèmèt pi gwo asasen Famin nan—maladi—fè travay malfezan li an....

Sous: Mark Thornton, "What Caused the Irish Potato Famine?", Mises Institute, 2008

6 Ki konklizyon sou pasaj sa yo ki valid?

- (1) Ofisyèl britanik yo pa t dakò sou yon reyakson apwopriye a pwoblèm ekonomik yo.
- (2) Peyizan ilandè yo te refize aksepte asistans gouvènman an pandan famin nan.
- (3) Pwodiktivite agrikòl la te ogmante kòm rezulta entèvansyon britanik la.
- (4) Objektif alontèm Grann Bretay se te soutni nasyonalis ilandè a.

7 Kisa ki te yon konsekans enpòtan evènman yo dekri yo nan pasaj sa yo?

- (1) Yon majorite pèp ilandè a te konvèti nan Krisyanis Pwotestan.
- (2) Ilann te vin peyi ki te pi divèsiye nan plan agrikòl la nan Ewòp.
- (3) Pa t gen entèvansyon gouvènman ankò nan Ilann.
- (4) Te gen apeprè yon (1) milyon moun ki te emigre soti nan Ilann.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 ak 9.



Sous: J. S. Pughe, *Puck*, 1899 (adapte)

8 Ki devlopman ki te gen plis chans enfliyanse mezi yo pran nan desen komik sa a?

- (1) Pouwva naval Lachin te reprezante yon menas pou puisans oksidental yo.
- (2) Lachin te vin pi fò militèman pase puisans oksidental yo.
- (3) Puisans oksidental yo te vle mwayen politik pou yo te kontwole Japon.
- (4) Puisans oksidental yo te vle gen aksè a nouvo maché yo nan Azi.

9 Ki konsèp yo reprezante nan desen komik sa a?


- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) sosyalis | (3) izolasyonis |
| (2) enperyalis | (4) pasifis |

Sèvi ak kat politik yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn késyon 10 jiska 12.

KAT POLITIK A



KAT POLITIK B



Sous: Holt and O'Connor, *The New Exploring World History*, Globe Book Company (adapté)

- | | |
|---|---|
| <p>10 Yon (1) rezon sitiyasyon yo montre nan Kat Politik A se te</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) defèt Otrich devan Almay nan toude Gè Mondyal yo (2) konpozisyon etnik divès Otrich (3) pèt puisans Otrich apre lit li an kont Anpi Otoman an (4) pozisyon Otrich sou wout komèsyal kle yo <p>11 Kisa ki te mennen sitiyasyon yo montre nan Kat Politik B?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Lidè pris yo te fè apèl a yon kilti alman komen nan gè yo kont lennmi komen yo (2) yon prezidan ke elektè gason yo te eli nan eta alman yo (3) apwobasyon prens alman yo nan yon konferans nan Potsdam (4) pwoklamasyon Enperatris ki te nan tèt Konfederasyon Alman an | <p>12 Ki ipotèz sou nasyonalis Kat Politik A ak B yo pi byen kore?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Nasyonalis rive sèlman nan peyi Ewòp oksidantal yo. (2) Nasyonalis pa mennen konfli militè. (3) Nasyonalis se yon fòs ki alafwa pote inifikasyon ak divizyon. (4) Nasyonalis jwe yon wòl limite nan konpozisyon politik peyi ewopeyen yo. |
|---|---|
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 jiska 15.

Pasaj sa a soti nan dezyèm lèt Gandhi te ekri Lord Irwin lavèy arestasyon li an:

Chè Zanmi,

Si Bondye vle, mwen gen lentansyon...pati pou Dharasana epi rive la avèk konpànyon mwen yo... epi egzije posesyon Salin yo. Yo di piblik la ke Dharasana se yon pwopriyete prive. Sa se senpleman kamouflaj. Li efektivman sou kontwòl Gouvènman an menm jan ak kay Vis-wa a. Yo pa ka wete yon pense sèl san otorite yo pa bay otorizasyon davans.

Li posib pou w anpeche dappiyant sa a, jan yo rele li nan jwèt ak nan blag, twa (3) fason:

Wete Taks sou Sèl la;

Arete mwen ak pati mwen an, sof si peyi an kapab, jan m espere l ap kapab la, ranplase chak moun yo pran;

Pa *goondaim* [vyolans] pi, sof si yo ranplase chak tèt kase, jan mwen swete y ap fè li....

Sous: M.K. Gandhi, *Selected Letters of Mahatma Gandhi*, May 4, 1930

- | | |
|---|---|
| <p>13 Lèt sa te ekri prensipalman an repons a</p> <ul style="list-style-type: none">(1) separasyon Lend ak Pakistan(2) bòykòt jeneralize tekstil britanik yo(3) vyolasyon dwa imen nan Amritsar(4) monopòl britanik la sou resous endyen yo <p>14 Objektif lèt Gandhi a se te</p> <ul style="list-style-type: none">(1) avèti gouvènman britanik la de lentansyon li pou li kontinye efò nasyonalis li yo(2) fè vis-wa britanik la konnen yo konsidere lakay li kòm pwopriyete prive(3) defann kontwòl britanik la sou pwodiksyon sèl la(4) eksplike kijan reliyon enfliyanse lit pou endependans li an kont Grann Bretay | <p>15 Ki lòt dokiman ki te prezante yon mesaj ki sanble lèt sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Diskou Mandela a nan Pwosè Rivonia a(2) Lwa Nuremberg Almay yo(3) Ti Liv Wouj Mao a(4) Lwa Sispèk Lafrans la |
|---|---|
-

Sèvi ak gwo tit yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 ak 17.

“Stalin Konsolide Pouwva pou Kominis yo”

“Adolf Hitler Deklare Twazyèm Reich la”

“Mussolini Etabli yon Eta Fachis”

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18.




Sous: Daniel Fitzpatrick, *St. Louis Post-Dispatch*,
1939 (adapte)

18 Ki tèm ki gen plis rapò ak evènman yo montre nan desen komik sa a?

- | | |
|----------------|---------------|
| (1) dezameman | (3) Holodomor |
| (2) blitzkrieg | (4) izòlman |
-

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19.



Sous: David Low, *The Evening Standard*, 1946 (adapte)

19 Sitiyasyon yo montre nan desen komik sa a gen plis rapò ak

- | | |
|------------------------------|---------------|
| (1) fen Premye Gè Mondyal la | (3) Olokos la |
| (2) monte fachis la | (4) Gèfwad |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20.

Sa a se yon ekstrè nan yon diskou yo te pwononse nan konklizyon Konferans Azi-Afrik la nan Bandung, Endonezi.

...Nou bay lanmitye gran peyi yo enpòtans epi, avèk pèmisyon ou, mwen ta renmen di nou voye salitasyon nou pou gran peyi Ewòp ak Amerik yo. Se pa nan okenn lespri ni rayisman ni degou ni agresivite nou rankontre isit la sou zafè Éwòp oswa Amerik, sètènman pa. Nou voye salitasyon nou pou yo, m espere se nan men nou tout isit la yo soti, epi nou vle zanmi avèk yo epi kopere avèk yo. Men, n ap kopere sèlman nan lavni epi li evidan n ap sèlman zanmi epi egal ego; pa gen lanmitye lè nasyon yo pa egal ego, lè gen youn ki pou obeyi lòt ak lè se youn sèlman ki domine yon lòt. Se poutèt sa nou leve vwa nou kont dominasyon ak kolonyalis ke anpil nan nou soufri anba yo lontan, epi se poutèt sa fò nou fè anpil atansyon pou pa gen lòt fòm dominasyon ki vin sou wout nou. Donk, nou vle zanmi avèk Oksidan an epi zanmi ak Oryan an epi zanmi ak tout moun, paske gen yon bagay yo gen dwa rele apwòch a panse ak lespri Azi, se yon apwòch tolerans ak lanmitye ak koperasyon, pa yon apwòch agresivite.

Sous: Jawaharlal Nehru, April 24, 1955

20 Pi bon jan pou dekri pozisyon Nehru yo nan pasaj sa a se

- | | |
|----------------|----------------|
| (1) enperyalis | (3) nasyonalis |
| (2) militaris | (4) kominis |
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

...Sou kontinan sa a, sa pa pran nou lontan pou nou dekouvri lit kont kolonyalis la pa fini lè nou jwenn endepandans nasyonal. Endepandans se sèlman prelid yon nouvo lit pi angaje pou dwa mennen pwòp afè ekonomik ak sosyal nou; mennen sosyete nou an dapre aspirasyon [bi] nou yo, san baryè kontwòl ak enjerans newokolonyalis k ap kraze ak imilye.

Depi nan kòmansman yo menase nou avèk fristrasyon kote chanjman rapid se yon bagay enperatif epi avèk enstabilite kote efò san rete ak règlemantasyon òganize se bagay endispansab. Pa gen ni aksyon mòde lage ni rezolisyón sen [jis] ki ka rezoud pwoblèm nou genyen kounye a yo. Anyen p ap sèvi anyen, eksepte aksyon ini yon Afrik ini.

Nou deja rive nan pwen kote nou dwe ini oubyen tonbe nan kondisyon sa a ki fè Amerik Latin vin viktim envelopontè ak boulvèse enperyalis apre yon syèk edmi (1 1/2 syèk) endepandans politik....

Sous: Kwame Nkrumah, Speech Given in Addis Ababa, 1963

21 Ide yo eksprime nan pasaj sa a plis sanble ide

- (1) Simón Bolívar
- (2) Winston Churchill
- (3) Deng Xiaoping
- (4) Mary Wollstonecraft

22 Dapre pasaj sa a, ki deklarasyon ki pi byen kore pozisyon Kwame Nkrumah?

- (1) Nasyon yo nan Afrik dwe fè atansyon pou evite Amerik Latin vin konkeri yo.
- (2) Kounye a ke nasyon yo nan Afrik genyen endepandans yo, y ap sispann nan goumen.
- (3) Nasyon afriken yo dwe ini pou pwoteje tèt kont neyokolonyalis yo.
- (4) Nasyon afriken yo te pi bon kòm koloni pase jan yo ye a kòm nasyon endepandan.

Sèvi ak dokiman ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

Dokiman A

...Pou arrive a yon rezulta gayan/gayan sa ap egzije pou nou fè fas a reyalite a. Demann ki parèt an konfli ap gen pou rekonsilye youn ak lòt sajman — demann an konfli tankou:

Pwoteksyon enterè ekonomik envestisè, mèt teren, òmdafè, moun pwofesyonèl ak travayè salarye ki etabli yo kont egzijans pi bon kondisyon de vi moun ki mwen favorize yo ap fè.

Patisipasyon minorite yo ak pwoteksyon yo kont dominasyon, kont egzijans yon majorite — kèleswa jan li konstitye [fòme] a — pou pouvwa li jwenn demokratikman.

Rekonesans ak akomodasyon divèsite popilasyon nou an kont nesesite yon sèl espiri nasyonal avèk yon alejans komen.

Nesesite pou yon edikasyon ki lye ak lang ak kilti kont nesesite pou yon sèl sistèm edikatif.

Mwen te ka kontinye konsa. Kè defi an li nan nou tout ki gen pou aprann pou nou pa pwopaje [simaye] sèlman verite ki bon pou ka nou an, men epitou li nan kapasite nou pou wè ak konprann verite ki gen dwa pa bon pou ka nou an — epi lè sa a, ansanm, jwenn yon solisyon ki rekonèt tout verite a nèt epi ki fè fas a li sajman....

Sous: Excerpt from Opening Statement by State President F. W. de Klerk,
Convention for a Democratic South Africa, December 20, 1991

Dokiman B

Nelson Mandela ak F. W. de Klerk resevwa Pri Nobèl Lapè a, 1993



Sous: Gerard Julien, Australian Broadcasting Company, December 1993

- 23 Dapre dokiman sa yo, ki metòd Mandela ak de Klerk itilize pou okipe konfli an nan Afrik di Sid?
- (1) entèvansyon militè andeyò
 - (2) konpwomi politik
 - (3) yon revolisyón vyolan
 - (4) sanksyon ekonomik entènasyonal
- 24 Jan yo montre li nan Dokiman B, y ap onore Mandela ak de Klerk poutèt yo dakò etabli yon sistèm politik ki
- (1) te ofri sifraj inivèsèl
 - (2) te egzije separasyon konplè ras yo
 - (3) te pèmèt yon sèl pati politik sèlman
 - (4) te nasyonalize tout gwo endistri yo
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

...Diskisyon politik nan blòg yo te predi [endike] ke opinyon popilè a t ap vire alafwa nan Tinizi ak nan Ejip. Nan Tinizi, konvèsasyon sou libète, demokrasi ak revolisyón sou blòg ak sou Twitter te souvan fèt anvan manifestasyon an mas. Ven (2) pousan blòg yo t ap evalye lidèchip Ben Ali nan jou li te bay demisyón li an (14 jan.), yon ogmantasyon soti nan 5 pousan sèlman mwa anvan an. Palasuit [apre sa], sijè prensipal la pou blòg tinizyen yo se te “revolisyón” jiskaske yon rasanbleman piblik omwen 100,000 moun te fini pa fose lidè ansyen rejim ki te rete yo pou yo te renonse a pouvwa.


Nan ka revolisyón ni Tinizi ni Ejip yo, diskisyon an te travèse fwontyè yo. Nan de (2) semèn yo apre demisyón Mubarak la, te gen an mwayèn 2,400 tweets pa jou moun nan peyi vwazen yo te poste sou sitiayon politik la nan Ejip. Nan Tinizi apre demisyón Ben Ali, te gen apeprè 2,200 tweets pa jou.

“Sa vle di,” Howard [pwofesè komunikasyon] te di, “moun toupatou nan rejyon an te antre nan yon gran konvèsasyon sou soulèvman sosyal. Siksè egzijans pou chanjman politik la nan Ejip ak Tinizi te fè moun nan lòt peyi antre nan konvèsasyon an. Sa te ede kreye diskisyon nan tout rejyon an.”...

Sous: Catherine O'Donnell, "New Study Quantifies Use of Social Media in Arab Spring," *UW Today*, September 12, 2011

- | | |
|--|--|
| <p>25 Ki deklarasyon sou itilizasyon medya sosyal pasaj sa a pi byen kore?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Itilizasyon Twitter pa t gen gwo enpak sou soulèvman yo nan Tinizi ak Ejip.(2) Diskisyon anliy yo sou dwa politik yo te ede ankouraje manifestasyon an mas.(3) Gouvènman ejipsyen ak tinizyen yo te reyisi limite aksè a medya sosyal.(4) Lidè yo te kapab sèvi ak pwopagann sou medya sosyal pou limite refòm politik yo. | <p>26 Kijan itilizasyon medya sosyal gen plis chans pou li afekte kote ki gen kondisyon politik tankou sa yo dekri yo nan pasaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Gouvènman represif yo ap gen plis difikilte kenbe pouvwa.(2) Demokrasi liberal yo ap wè yon ogmantasyon nan patisipasyon politik la.(3) Sosyete izole yo ap fasilman adopte plis pratik demokratik.(4) Sosyete ki avanse teknolojikman yo ap aktivaman ankouraje koripsyon politik. |
|--|--|

Sèvi ak grafik popilasyon ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn késyon 27 ak 28.



Sous: "World Population Highlights 2007: Overview of World Population," Population Reference Bureau Online, 2007 (adapté)

...Anvan vizyon makab sa yo [grangou mondal] te ka reyalize, revolisyon vèt la te transfòme agrikilti mondal la, sitou ble ak diri. Gras a repwodiksyon selektif, Norman Borlaug, yon byolojis ameriken, te kreye yon varyete ble nen ki mete pifò enèji li nan gress manjab olye de nan tij long ki pa manjab. Rezulta a: plis sereyal pa kawo tè. Travay menm jan an nan Enstiti Entènasyonal Rechèch sou Diri an (International Rice Research Institute, IRRI) nan Filipin te amelyore anpil pwodiktivite sereyal ki bay prèske mwatye lemond manje.

Apati de ane 1960 yo jiska ane 1990 yo, rannman diri ak ble nan Azi te double. Menm lè popilasyon kontinan an te ogmante pa 60 poustan, pri sereyal yo te bese, Azyatik mwayen an te konsome prèske yon tyè kalori anplis, epi to pòvte a te koupe pa mwatye (1/2). Lè Borlaug te genyen Pri Nobèl Lapè a an 1970, dapre sa nou ka li nan sitasyon an, "Plis pase nenpòt ki lòt moun laj sa a, li te ede pote pen pou yon mond ki te nan grangou." ...

Sous: Tim Folger, "The Next Green Revolution," *National Geographic*, October 2014

27 Dapre grafik popilasyon sa a, kisa yo prevwa popilasyon mondal apwosimatif la ap ye an 2050?

- | | |
|-------------|--------------|
| (1) 1 milya | (3) 9 milya |
| (2) 3 milya | (4) 10 milya |

28 Dapre atik *National Geographic* sa a, poukisa Norman Borlaug te resevwa Pri Nobèl Lapè a?

- | |
|--|
| (1) Li te transfòme pwodiksyon agrikòl mondal la. |
| (2) Li te kapab diminye eksedan popilasyon an nan zòn ki te gen famin yo. |
| (3) Li te sible pòvte gras a don manje li te fè malere yo. |
| (4) Li te fini ak famin yo gras a deplasman pwodiksyon sereyal yo ale nan Filipin. |

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonse pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre konteks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Identifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Konteks)
 - Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)
-

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Konteks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-


Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

Gravi sa yo montre timoun k ap travay nan min yo ak nan ouyè yo (bilding kote yo mine chabon yo) nan Wayòm Ini.

Nati Anplwa nan Min yo



Sous: *The Condition and Treatment of the Children Employed in the Mines and Collieries of the United Kingdom*,
William Strange, 21 Paternoster Row, 1842

- 29 Eksplike sikontans istorik yo ki te mennen nan sitiyasyon yo montre nan gravi sa yo. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Dokiman 2

...Te gen plis pwogrè ki te fèt toujou nan zòn fen rèy Victoria a. Lwa sou Faktori 1878 la te entèdi travay anvan laj 10 an epi li te valab pou tout metye. Li te kore [ranfòse] avèk Lwa sou Edikasyon 1880 an, ki te entwodui lekòl obligatwa jiska laj 10 an. Palasuit [pi ta] amannman yo te monte laj pou kite lekòl la a 12 an, avèk dispansasyon [eksepsyon] pou kite anvan laj sa a si elèv yo te rive nan nivo obligatwa yo nan lekti, redaksyon ak aritmetik. Disi fen rèy Victoria a, prèske tout timoun yo te lekòl jiska laj 12 an. Sa te ede asire ke te gen yon amelyorasyon notab nan byennèt timoun ki te fèt ant kòmansman ak fen rèy Victoria a....

Sous: Emma Griffin, "Child Labour," *British Library*, May 14, 2014

- 30 Eksplike objektif Lwa sou Edikasyon Elemantè 1880 an, baze sou pasaj sa a. [1]
-
-
-

Score

Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—vle di yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, emèjans yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè—vle di sa ki pase kòm yon konsekans (rezulta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

- 31 Identifie **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa lide yo ke yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire ou sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo nan repons ou. [1]
-
-
-
-

Score

Paj sa a rete vid toutespre.

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

Fonksyon Bank Mondyal la

70 ane pase yo wè gwo chanjman nan ekonomi mondal la. Pandan tan sa a, Gwoup Bank Mondyal la—pi gran enstitisyon devlopman nan lemond—travay pou ede plis pase 100 peyi an devlopman ak peyi an tranzisyon ajiste a chanjman sa yo nan ofri yo prè ak konesans ak konsèy sou mezi. Gwoup Bank la ap travay avèk gouvènman peyi yo, sektè prive a, òganizasyon sosyete civil yo, bank devlopman rejyonal yo, gwoup refleksyon yo, ak lòt enstitisyon entènasyonal sou pwoblèm ki ale de chanjman klimatik, konfli, ak sekirite alimantè rive nan edikasyon, agrikilti, finans, ak komès. Tout efò sa yo ap soutni bi marasa Gwoup Bank la ki se fini ak pòvte ekstrèm disi 2030 epi bay bourad pou 40 pouzan pi pòv la nan populasyon nan tout peyi vin pataje pwosperite.

Bank Entènasyonal pou Rekonstriksyon ak Devlopman an, ki te fonde an 1944—yo te vin rele li byento Bank Mondyal—vin pran ekspansyon pou fòme yon gwoup ann asosyasyon sere ki gen senk (5) enstitisyon devlopman ladan. Nan kòmansman, prè li yo te ede rebati peyi ke Dezyèm Gè Mondyal la te devaste. Avèk letan, konsantrasyon an vin pase de rekonstriksyon a devlopman, avèk yon gwo anfaz sou enfrastrikti tankou baraj, rezo elektrik, sistèm irigasyon, ak wout. Avèk fondasyon Sosyete Finansyè Entènasyonal la an 1956, enstitisyon an te vin kapab prete bay konpayi prive ak enstitisyon finansye nan peyi an devlopman yo. Epi fondasyon Asosyasyon Entènasyonal Devlopman an nan ane 1960 te mete pi gwo anfaz toujou sou peyi pi pòv yo, nan kad yon chanjman fèm nan direksyon eradikasyon pòvte ki vin bi prensipal Gwoup Bank la. Palasuit lansman Sant Entènasyonal pou Règleman Diferan Relatif a Envestisman an ak Ajans Miltilateral pou Garanti Envestisman an te fin konplete nèt kapasite Gwoup Bank la pou li fè jonksyon ant resous finansye mondal yo fak bezwen peyi an devlopman yo.

Sous: The World Bank, 2019

- 32 Eksplike sikontans istorik ki te mennen etablisman Bank Mondyal la. [1]
-
-
-

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

Dokiman 2

Nan kòmansman ane 1970 yo, Bengladèch te lite kont Pakistan pou endependans li epi li te genyen. Muhammad Yunus, yon pwofesè ekonomi ak yon natif natal Bengladèch, te temwen pòvte ekstrèm pèp bengladèchi an epi li te konsakre tèt li a ede li soti nan pòvte sa a. Pou akonpli sa, Yunus te kòmanse Bank Grameen nan, yon enstitisyon mikwofinans, nan Bengladèch an 1983, ki kontinye ap fonksyone jodi a toupatou nan lemond.

...Li tantan anpil pou blame pòv yo pou pwoblèm y ap konfwonte yo. Men lè nou gade enstitisyon nou kreye yo ak jan yo pa sèvi pòv yo, nou wè se enstitisyon sa yo ak panse aryere yo reprezante a ki dwe pote anpil nan blam nan.

Nan Bank Grameen nan, nou te kontrekare apated [diskriminasyon] finansye a. Nou te oze bay moun pi pòv yo kredi labank. Nou te enkli fanm malerèz yo ki pa t menm janm manyen lajan nan lavi yo. Nou te defye règ yo. A chak pa sou wout la, tout moun te rele sou nou, "W ap gaspiye lajan ou! Lajan ou prete a p ap janm retounen. Menm si sistèm ou an ap mache kounye a, l ap efondre byen vit. L ap eksplode epi disparèt."

Men Bank Grameen nan pa ni eksplode ni disparèt. Olye de sa, li pran ekspansyon epi li touche deplizanplis moun. Jodi a, l ap bay plis pase sèt (7) milyon moun pòv prè, 97 pouzan nan yo se fanm, nan 78,000 vilaj nan Bengladèch....

Sous: Muhammad Yunus, *Creating a World Without Poverty*, Public Affairs, 2007

- 33 Identifie pozisyon Muhammad Yunus konsènan pòvte nan Bengladèch, dapre ekstrè sa a nan *Creating a World Without Poverty (Kreyasyon yon Mond San Pòvte)*. [1]
-
-
-

Score

Resanblans—di fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.

Diferans—di fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.

34a–34b Sèvi ak prèv nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Identife yon resanblans **oswa** yon diferans ant travay Bank Mondyal la ak Bank Grameen nan. [1]
- b) Eksplike resanblans **oswa** diferans ou idantife a avèk prèv ki soti nan toude dokiman yo. [1]

34a Score

34b Score

Pati III
(Kesyon 35)
REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre konteks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalite, egzamp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degré siksè.

Sa pou fè:

- Idantifye **ak** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo soulve
- Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon ou an asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou *omwen twa* (3) dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèv ki soti nan *omwen twa* (3) dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfomasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan developman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèv ak rezon yo pou kore yon konklizyon.

Dokiman 1

Bordeaux se yon vil nan Lafrans.

...Travayè Bordeaux yo te akeyi kòmansman Revolisyon [Fransèz] la tou avèk yon melanj antouzyas pou pwomès li ak laperèz yon reyakson wayal. Sa ki te gen menm enpòtans la, yo te enkyè pou rate pen yo, ki detanzantan te aflije vil la pandan dizuityèm syèk la, pa t retounen. Laperèz sa yo te kristalize [fòme] bò fòtrès wayal medyeval Chateau Trompette la, yo te rele "Bastille Bordeaux a." Chateau Trompette, ki te bati an 1453 epi ki te vin agrandi anpil apre Fwond lan,* te sèvi kòm yon senbòl masif—epi pou sèten moun—endezirab pouvwa wayal la. Li te revele li tou kòm yon sib tantan pou travayè Bordeaux sa yo ki te pè yon ensireksyon [rebelyon] wayal epi ki te gen kè yo sou biskèt osijè disponibilité pen an. Disi out 1789, te gen bwi ki t ap kouri ke twoup wayal ki te an ganizon nan Trompette yo t ap mine [mete pyèj] bò fòtrès la epi t ap tann lòd wa a pou yo redui vil la an dekomm. Gen lòt bwi ki te avèti ke patizan wayalis yo te pare pou yo pran kontwòl fòtrès la epi fè Revolisyon an rete briskeman. An reyakson, travayè yo nan vil la te elabore yon plan pou sezi fòtrès la, mete men sou depo zam li an, epi libere sereyal ak farin ki dapre bwi ki t ap kouri te estoke andedan an.

Sous: Stephen Auerbach, "Politics, Protest, and Violence in Revolutionary Bordeaux, 1789–1794," *Journal of the Western Society for French History*, Volume 37, 2009 (adapte)

*Fwond lan se te yon seri rebelyon nan Lafrans ant 1648 ak 1653.

Dokiman 2

Nan dat 20 fevriye 1913 *The Times* te rapòte: 'Te gen yon tantativ ki te fèt yè maten pou fè eksplode yon kay y ap bati pou Mesye Lloyd George [Chanselye Echikye a*] bò Teren Gòlf Walton Heath la'. Te gen yon (1) dispozitif ki te eksplode, ki te lakòz apeprè £500 dega, alòske te gen yon lòt ki pa t limen.

Avèk epeng cheve ak epeng chapo yo te jete ak son yon machin kòm sèl endis yo, lapolis te gen chans jwenn yon konfesyon byen vit. Paske menm aswè sa a, nan yon reyinyon ki te fèt nan Cory Hall Cardiff, Madan Emmeline Pankhurst, youn (1) nan lidè sosyete sifrajèt militant la, Sendika Sosyal ak Politik Fanm nan (Women's Social and Political Union, WSPU), te deklare 'nou fè sote kay Chanselye Echikye a' epi li te endike 'pou tout sa ki fèt deja mwen aksepte responsabilite. Mwen konseye, mwen ankouraje, mwen konspire'....

Nan premye etap yo nan kanpay nan, militan yo te limite atak yo a pwopriyete gouvènman, men apati de 1911 yo te kòmanse atake pwopriyete prive. Nan kòmansman sa te limite a kraze fenèt boutik ak mete dife nan bwat postal [bwat a lèt] men, amezi fristrasyon devan refi gouvènman an pou li bay fanm yo vòt t ap monte, atak sa yo te vin deplizanplis vyolan ak espektakilè. An 1913 militan yo te kòmanse yon kanpay ensandi kriminèl konsète [kowòdone], ki te gen ladan mete dife nan kay rezidansyèl, teren gòlf, lekòl ak menm legliz. Bonbadman kay David Lloyd George la te fè pati kanpay sa a....

Sous: Elizabeth Crawford, "We Wanted to Wake Him Up: Lloyd George and Suffragette Militancy," *Blog History of Government*, No. 10 Guest Historian Series, National Archives UK Government, July 4, 2013

*Trezò

Dokiman 3

...Se te avril 1977, yon ane depi fòs ame yo te lanse yon vag represyon bosal kont aktivis gòch yo ak moun yo te akize yo te kolabore avèk yo.

Fòs sekirite yo te arete premye ptit gason Madan de Bonafini* de (2) mwa anvan sa.

“Nou t ale sou plas la jedi sa a avèk lentansyon remèt yon lèt bay (dirijan militè Jorge) Videla.

“Mwen sonje te gen yon ti gwoup manman, genyen ladan yo ki te terifye. Anpil nan nou te soti nan ti minisipalite andeyò vil la. Gen kèk, tankou mwen, ki pa t menm fini lekòl primè. Gen lòt ki pa t menm ka ni li ni ekri,” li di.

Demann ransèyman yo te kontre ak silans. Ofisyèl yo te refize ni rankontre yo ni di yo kote ptit yo te ye.

Lè sa a, Madan Almeida di, nou pa t konn konsèp “moun ki disparèt” la.

“Nou te panse ke ptit gason nou yo te nan prizon epi ke yo te kenbe yo nan izòlman, men ke yo te siman vivan.”

Jedi sa a, 30 avril 1977, te gen yon ti gwoup manman ki te rasanble sou plas la disi mitan apremidi an.

Otorite yo te entèdi rasambleman piblik plis pase twa (3) moun, donk lapolis te imedyatman apwoche yo pou egzije pou yo kite kote a.

“Men, pa chans nèt, an reyaksyon nou te kòmanse kenbe youn lòt de (2) pa de (2), bra nan bra, epi nou te kòmanse mache an won toutotou plas la. Pa t gen anyen ilegal nan sa,” Madan de Bonafini, ki kounye a gen 83 zan, di.

Se te premye aksyon yon mouvman ki t ap dousman pote yon sansibilizasyon entènasyonal sou youn (1) nan epizòd pi brital yo nan represyon leta te kòmandite nan Amerik di Sid....

Sous: Vladimir Hernandez, “Argentine Mothers Mark 35 Years Marching for Justice,” BBC Mundo,
April 2012

*Madan de Bonafini se te prezidan ak ko-fondatè Manman Plaza de Mayo yo.

Souvni Revolisyon Islamik 1979 la nan Iran

Nan kad yon seri konvèrsasyon ki te make 1979 kòm yon ane fondamantal [enpòtan] nan mond mizilman an, Steve Inskeep ap pale ak jounalist Kasra Naji ki te fèt nan peyi Iran sou zafè Revolisyon Islamik la. Naji te etidyan nan Iran nan epòk sa a epi l ap fè antre soti nan peyi an depi lè a. Li se yon korespondan espesyal pou televizyon BBC Persian nan Lonn. Epitou li se otè *Ahmadinejad: The Secret History of Iran's Radical Leader* (*Ahmadinejad: Listwa Sekrè Lidè Radikal Iran an*)....

STEVE INSKEEP: Dechoukay dirijan Iran an ak monte Ayatollah Khomeini te kreye gouvènman islamik k ap gouvène Iran jiska jounen jodi a, epi ki kounye a ap fè fas a pwòp manifestasyon nan lari li. Jounalist BBC Kasra Naji te yon jèn manifestan nan epòk sa a.

Ban mwen yon ide. Kijan sa te ye lè ou te yon Iranyen nan lari Teyeran nan kòmansman 1979?

Mesye KASRA NAJI (Jounalist BBC): Sa te trè enteresan. Se etidyan inivèsite nou te ye epòk sa a an 1979. Politik ak inivèsite dominan yo te panche sou bò gòch, si ou sonje. Epi nan epòk sa a, yon revolisyon se te yon bagay nou tout t ap chèche, detoutfason. Epi sa ki te rive nan Iran te egzakteman sa nou t ap chèche a. Nou te vle demokrasi, epi revolisyon an t ap pwomèt sa.

INSKEEP: Epi gen imaj de sa ki sanble plizyè milyon moun nan lari Teyeran antan cha Iran an, dirijan epòk sa a, te abdiike epi kite peyi a.

Mesye NAJI: Wi. Se te yon revolisyon trè populè, ou ka imajine, toupatou nan Iran, pa sèlman nan kapital la Teyeran. Menm nan vilaj byen lwen, moun yo te leve kanpe ak zam kont cha a epi yo t ap manifeste. Mwen te patisipe nan manifestasyon sa yo lè mwen te nan Teyeran. Manifestasyon sa yo, sitou nan pati santral yo nan kapital la Teyeran, pou pifò, souvan ak toujou te tonbe nan batay pèpetyèl ak sòlda lame yo ki te anchaje kenbe sekirite, epi yo te konn tire anlè epi okazyonèlman, trè okazyonèlman, sou foul yo. Yo te konn voye gaz lakrimojèn sou nou. Nou te konn kouri sove epi plizoumwen regwoupe pi ba lari a. Epi se konsa sa te ye. Nou te konn rele slogan sa yo: Aba cha a. Epi se te slogan sa a ki te ini nou, si ou vle....

Sous: "Remembering Iran's 1979 Islamic Revolution," Special Series: Upheaval in the Muslim World,
30 Years Ago, NPR, August 17, 2009



Etidyan yo ap mache nan lari Beijing, ap sekwe bandwòl, toupre Plas Tiananmen nan dat 25 me 1989, pandan yon rasanbleman pou sipòte manifestasyon an kont gouvènman chinwa a.

Sous: Catherine Henriette, "For Chinese, The Tiananmen Square Massacre is Still Too Taboo to Talk About,"
The Epoch Times, June 4, 2015 (adapte)

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwooblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwooblèm Pèsistan Mwen an se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki kore pwooblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki kore pwooblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope eksplikasyon pou pwooblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwooblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li?		1 2 3 4 5	
Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwooblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan?		1 2 3 4 5	
Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Gade ankò paj 26 pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY II HAITIAN CREOLE EDITION

Enprime Sou Papye Resikle

REGENTS EXAM IN GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY II HAITIAN CREOLE EDITION